



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO REVELE MEMORYAL MÈ CABRINI AN NAN BATTERY PARK CITY

Memoryal la ki sitiye nan chan vizyon Estati Libète a, onore eritaj ewoyik Mè Cabrini, ki te dedye lavi li pou sèvi imigran ak sila ki nan nesesite yo

Desen ki genyen an ke Atis Jill ak Giancarlo Biagi fè, te rekòmande pa Komisyon Memoryal Mè Cabrini Gouvènè a

Nouvo sitwèb edikatif komemoratif ak tou odyo a [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te revele jodi a Memoryal Mè Cabrini Eta New York ki sitiye nan Battery Park City, jis nan sid South Cove sou Esplanad Battery Park City. Avèk yon chan vizyèl dirèk sou Estati Libète a ak Ellis Island, zòn sa bay yon espas ki apwopriye pou rann omaj ak patwòn imigre yo. Memoryal la te revele yon lane apre Gouvènè a te premye anonse plan pou kreyasyon li nan Jounen Kolon an (Columbus Day) ane pase. Memoryal la genyen ladan l pano entèpretasyon ki souliyansèvis Mè Cabrini pou imigran Italyen Ameriken yo ak malere nan New York ki enkli konstriksyon plizyè douzèn òfelina, lopital ak lekòl. Plaza a antoure ak syèj ak yon mozayik ki kreye ak wòch ki soti nan kote Mè Cabrini fèt nan Sant'Angelo Lodigiano, Itali.

"Nan Jounen Kolon sa, selebrasyon Mè Cabrini an pi apwopriye toujou pase lè nou te anonse li ane pase a akòz difikilte nou ap fè fas yo. Nou tout konnen sa yo se moman ki difisil, men nou konnen tou nan liv lavi a, se pa sa yon moun fè lè solèy la ap briye ki teste metal nou - se sa yon moun fè nan mitan gwo tanpèt, e se la nou ye jodi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan mond konplèks sa, ke estati sa sèvi pou raple nou de prensip ki fè nou gran antanke yon peyi epi antanke yon pèp ak prensip ki kenbe nou espesyal sou tè sa - valè Mè Cabrini: konpasyon, akseptasyon, kominote, libète, lafwa, lespwa ak lanmou."

Memoryal an bwonz lan ki chita sou yon baz an mab reprezante Mè Cabrini sou yon bato an papye ak de timoun, yon reprezantasyon bato an papye ke, antanke timoun, Mè Cabrini te konn pliye epi ranpli l ak vyolèt. Bato sa yo ke li konn mete nan kouran ki deyò lakay li a, ta voye "misyonè" toupatou nan mond lan. Bato papye a sèvi kòm yon senbòl lespwa ak kouraj: Byenke frajil epi delika, li ka kenbe sou kouran dlo yo epi rete ap flote - ki senbolize detèminasyon Mè Cabrini nan fè fas ak advèsite ak lit.

Touletwa imaj yo fè fas ak Stati Libète a, yon liyè lespwa pou imigran yo pandan y'ap antre nan Pò New York la pou kòmanse nouvo lavi yo nan Amerik, ak kote Mè Cabrini te rive nan yon misyon pou ede imigran Italyen yo nan ane 1889. Jèn tifi a, yon reflè Mè Cabrini jèn, kenbe yon liv, yon senbòl angajman Mè Cabrini pou edikasyon timoun. Akoz mizik te enpòtan pou eritaj imigran yo, ti gason an ap kenbe valiz li ak yon okarina, yon enstriman yo te envante toupre kote Mè Cabrini fèt la, ki reprezante mizik ak kilti imigran yo te pote nan Amerik.

Li plis sou Memoryal Mè Cabrini an epi koute yon tou odyo [isit la](#).

Nan dat 24 oktòb 2019, Gouvènè Cuomo te etabli [Komisyon Memoryal Mè Cabrini](#) an pou sipèvizè kreyasyon yon estati ki onore Mè Cabrini. Komisyon an ki konpoze ak 19 manm Gouvènè a te nonmen, te gen chaj pou bay rekòmandasyon bay Gouvènè a nan sa ki gen rapò ak konsepsyon, pozisyon ak enstalasyon nouvo memoryal la. Manm Komisyon Mè Cabrini an Philip Foglia, pwokirè ak avoka pandan lontan nan Fon pou Defans Legal ak Edikasyon Siperyè Italyen Ameriken (Italian American Legal Defense and Higher Education Fund) te pèdi lavi li ak tritès akòz COVID-19 la nan mwa avril.

Komisyon an te ouvri yon konpetisyon pou pwopozisyon nan dat 13 desanm 2019, epi solisite desen gras ak yon sansibilizasyon solid nan kominote atistik la. Komisyon an te resevwa soumasyon ki soti nan men atis toupatou nan mond lan, kote yo chak t'ap rakonte istwa lavi li ak anpil kontribisyon li pou imigran nan New York ak toupatou nan mond lan, nan fason ki emouvan. Apre yon prosesis egzamen apwofondi, Komisyon an te rekòmande eskilptè Jill ak Giancarlo Biagi ki baze nan Vil New York pou fè desen epi konstui yon memoryal pou Mè Cabrini.

Jill Biagi te etidye nan University of Washington e li te resevwa yon bous pou travay epi etidye ar nan Pietrasanta, Itali ak atizan k'ap fè eskilti sou wòch. Giancarlo Biagi te etidye nan Istituto d'Arte Stagio Stagi nan Pietrasanta anvan li te demenaje vin Etazini pou ale nan Art Students League nan New York. Ansanm, Jill ak Giancarlo te kreye eskilti pou plizyè komisyon piblik ak objektif pou kapte istwa lavi epi prezève eritaj moun yo venere. Ou ka jwenn plis travay atis sa yo nan gwo mize toupatou nan mond lan. Jill ak Giancarlo gen stidyo nan New York ak Pietrasanta.

Ekip kreyatif la genyen ladan l tou achitèk Martin Sendlewski ak konseptè ekleraj Ken Farley.

Mè Cabrini te yon Italyen Amerikèn ki te fonde anpil òganizasyon pou ede moun ki nan bezwen yo. Li te dènye pami 13 timoun, li te fèt nan Lombardy an 1850, epi avan li te emigre vin Ozetazini, li te fè ve epi li te fonde Sè Misyonè Sakre Kè a (Missionary Sisters of Sacred Heart), yon lòd ki sèvi ak enstwi òfelen yo.

Pandan li te New York, li te anseye nan pawas St. Joachim lan, Legliz Nòtredam Pompeii (Church of Our Lady of Pompeii), ak Legliz Katolik Transfigirasyon (Transfiguration Catholic Church) - tout nan Manhattan - epi tou nan St. Rita de Cascia nan Bronx ak Legliz St. Stephen (Church of St. Stephen) nan Brooklyn. Li te fonde tou,

Lopital Columbus, ke yo te rebatize evantyèlman sou non Sant Medikal Cabrini epi li te etabli nan Manhattan pandan plizyè ane.

Yo te premye antere Mè Cabrini nan West Park epi kounye a li antere nan Chapèl St. Frances Cabrini an (St. Frances Cabrini Shrine) ke li te fonde nan Manhattan. An 1946, prèske 30 ane apre lanmò li, Mè Cabrini te vini premye Sitwayèn Amerikèn ki natirize yo te kanonize. Yo rekonèt li kòm sen pwotektris imigran yo. Gen anpil enstitisyon akademik, bilding relijye ak lopital toupatou nan New York ki pote non li.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)